



LOJMAN AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (HOUSING AND COMMUNITY DEVELOPMENT, HCD)

PWOGRAM KOUPEZ POU CHWAZI LOJMAN (HCV) NAN SEKSYON 8 LA Ouvèti lis datant pou koupon ki baze sou pwojè-dezyèm faz

KESYON YO POZE PI SOUVAN (FAQS)

1) KISA PWOGRAM ASISTANS KOUPEZ POU CHWAZI LOJMAN (HCV) NAN SEKSYON 8 LA

VOUCHER, PBV) A YE?

Pwogram asistans koupon ki baze sou pwojè (Project-Based Voucher, PBV) a se yon patii nan pwogram Bon Chwa Lojman Miami-Dade (Miami-Dade's Housing Choice Voucher, MDHCV). Pwogram PBV a bay fanmi ki genyen revni ki fèb yo asistans pou lokasyon, avèk sibvansyon ki lye ansanm ak inite espesifik nan yon pwopriyete. Daprè pwogram PBV a, lokatè yo peye 30% nan revni ajiste yo chak mwa, plis nenpòt sèvis piblik aplikab pandan tout patisipasyon yo nan pwogram yo.

2) KIJAN PWOGRAM ASISTANS KOUPEZ POU CHWAZI LOJMAN (HCV) NAN SEKSYON 8 LA

VOUCHER, PBV) A DIFERAN DE PWOGRAM BOB CHWA LOJMAN AN (HOUSING CHOICE VOUCHER, HCV)

Pwogram asistans koupon ki baze sou pwojè yo (Project-Based Voucher, PBV) lye asistans pou lokasyon ak inite espesifik nan yon pwopriyete pou yon tèm fiks. Yo refere aplikan ki kalifye yo dirèkteman nan pwopriyete a pou ranpli pòs ki vid yo. Kontrèman, pwogram bon chwa lojman an (Housing Choice Voucher, HCV) pèmèt patisipan yo itilize bon ki baze sou lokatè yo pou yo chwazi yon apatman nan mache prive lokasyon an. Anplis de sa, patisipan PBV yo dwe satisfè yon kondisyon pou lokatè 1 lane nan pwopriyete a pou yo vin kalifye pou yon koupon ki baze sou lokatè lè youn vin disponib. An konparezon, patisipan HCV yo pa sijè a yon kondisyon pou lokatè.

3) KISA LIS DATANT KOUPEZ POU CHWAZI LOJMAN (HCV) NAN SEKSYON 8 LA

VOUCHER, PBV) AK ANPLASMAN A YE?

Yon lis datant Koupon ki baze sou pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman an se yon lis ki kenbe pou pwopriyete espesifik k ap patisipe nan pwogram PBV a.

4) ÈSKE M ELIJIB?

Tout moun ki gen 18 lane oswa plis elijib pou soumet yon aplikasyon pou lis datant Koupon ki baze sou pwojè ak anplasman pou Lojman ak Devlopman Kominotè konte Miami-Dade lan (Housing and Community Development, HCD). Aplikasyon pou pwopriyete espesifik ap parèt sèlman si ou satisfè kritè kalifikasyon pwopriyete a.

5) ÈSKE MWEN ELIJIB POU M APIKE POU PLIZYÈ LIS DATANT KOUPEZ POU CHWAZI LOJMAN (HCV) NAN SEKSYON 8 LA

VOUCHER, PBV) AK ANPLASMAN?

Wi, ou ka aplike nan plizyè lis datant koupon ki baze sou Pwojè ak anplasman si ou satisfè kritè kalifikasyon yo deziyen pou chak pwopriyete.

6) PANDAN KI PERYÒD APIKEZ POU PLIZYÈ LIS DATANT KOUPEZ POU CHWAZI LOJMAN (HCV) NAN SEKSYON 8 LA

VOUCHER, PBV) AK ANPLASMAN?

Pwosesis soumèt aplikasyon Koupon ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman an ap kòmanse lendi 08 jwen 2025 a 08:00 a.m. epi l ap finivandredi vandredi 20 jwen 2025 a 11:59 p.m.

Nan moman seleksyon an, kandida (yo) dwe satisfè deziyasyon pwopriyete a, kondisyon pwogram yo ak limit revni pou konpozisyon Fwaye Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini (HUD) te etabli. Limit revni 2025 yo se:

KONTE MIAMI-DADE – LIMIT REVNI POU ANE FISKAL 2024 - An vigè nan dat ki te 01 Avril 2025								
Konpozisyon Fwaye	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl Fwaye	\$43,400	\$49,550	\$55,570	\$61,950	\$66,950	\$71,900	\$76,850	\$81,800

Yo ap aksepte aplikasyon pou preferans kategori fanmi aprè peryòd sa a. Aplikasyon an ap disponib an Anglè, Kreyòl ak Espanyòl.

7) KIJAN MWEN KA SOUMÈT APLIKASYON MWEN AN?

Demann nan kad pwogram lojman ak devlopman kominotè konte Miami-Dade (HCD) an **Yo ap aksepte Lis datant pou Koupon ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher (PBV) yo SÈLMAN** sou <https://miamidadevoucher.myhousing.com>

Ou ka itilize yon laptòp yon tablèt oswa nenpòt lòt aparèy ki ka konekte sou entènèt pou soumèt Fòmilè Aplikasyon w lan. Ou dwe gen aksè ak entènèt pou w ranpli Fòmilè Aplikasyon anliy lan. Pwosesis aplikasyon anliy lan pèmèt moun yo soumèt demann aplikasyon an nenpòt ki lè oswa nenpòt ki kote k ap bon pou yo, san konsidere orè travay yo, epi li elimine bezwen pou yo al kanpe nan yon liy byen long.

YO P AP ASEPTÉ OSWA RANN DISPONIB OKENN APLIKASYON PAPYE.

8) E SI MWEN PA GEN AKSÈ AK ENTÈNÈT?

Si ou pa gen aksè ak entènèt oswa yon aparèy pou konekte epi soumèt aplikasyon an epi ou bezwen asistans pou ranpli aplikasyon ou an sou entènèt, ou ka ale nan nenpòt nan kote ki nan lis anba a ant **09 jan 2025 ak 20 jan 2025**, lendi jiska vandredi, soti **09:30 a.m. rive 05:30 p.m.**, eksepte jou ferye, oswa ou ka rele 311 pou jwenn enfòmasyon oswa ou ka soumèt yon aplikasyon sou entènèt nenpòt ki lè pandan peryòd pou soumèt aplikasyon sou entènèt la. Nou ankouraje w vizite sit entènèt HCD la sou <https://www.miamidade.gov/housing> pou plis kote ak/oswa enfòmasyon.

Biwo / Sant – Zòn	Adrès
Main Library – Downtown Area	101 West Flagler Street, Miami, FL 33130
North Dade Regional Library	2455 NW 183 Street, Miami Gardens, FL 33056
Westchester Regional Library	9445 Coral Way, Miami, FL 33165
Miami Beach Regional Library	227 22 nd Street, Miami Beach, FL 33139
Naranja Branch Library	14850 SW 280 th Street, Homestead, FL 33032
Community Action and Human Services - Accion	970 SW 1st Street, 4th Floor, Miami, FL 33130
Community Action and Human Services - Culmer	1600 NW 3rd Avenue, Miami, FL 33136
Community Action and Human Services - Edison	150 NW 79th Street, Miami, FL 33150

Community Action and Human Services - Florida City	1600 NW 6 th Court, Florida City, FL 33034
Community Action and Human Services – Frankie Shannon Rolle/Coconut Grove	3750 South Dixie Highway, Suite 117, Miami, FL 33133
Community Action and Human Services – Reverend Edward T. Graham/Miami Gardens	16405 NW 25 th Avenue, Miami Gardens, FL 33054
Community Action and Human Services - Naranja	13955 SW 264 th Street, Naranja, FL 33032

9) KI ENFÒMASYON KI NESÈSÈ POU KONPLÈ APLIKASYON AN?

Tanpri kenbe enfòmasyon sa yo disponib pou Chèf Kay la (CHF) ak pou tout lòt manm kay la:

- Non Konplè
- Jan
- Dat nesans
- Ras
- Etnisite
- Estati sitwayènte
- Nimewo sekirite sosyal yo
- Estati Veteran
- Adrès postal aktyèl, nimewo telefòn, ak adrès imel
- Estati Andikap ak/oswa Bezwen espesyal
- Manm fanmi ki pa gen nimewo SSN yo dwe siyen yon atestasyon nan moman premye antretyen pou elijiblite a, ki ap sètifye yo pa gen SSN.
- Manm fanmi yo dwe satisfè egzijans HUD a nan zafè sitwayènte oswa estati imigrasyon.

Remak: Etnisite ak Ras yo kolekte pou rezon estatistik sèlman.

10) ÈSKE MOUN KI GEN ANDIKAPE KA JWENN ÈD POU RANPLI YON APLIKASYON?

Wi, moun ki andikape yo ka chèche konsèy pou yo ranpli aplikasyon an lè yo kontakte biwo pwogram HCV Seksyon 8 la nan (786) 654-8440, ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye yo.

11) KÒMAN MWEN AP KONNEN SI APLIKASYON MWEN YO TE SOUMÈT?

Depi w fin bay tout enfòmasyon ki nesesè yo nan aplikasyon w lan, w ap resevwa yon nimewo konfirmasyon pou w rekonèt aplikasyon an gen siksè.

12) SI MWEN SOUMÈT PLIS PASE YON APLIKASYON. ÈSKE MWEN TA DWE GEN PLIS CHANS POU YO CHWAZI MWEN POU YON ANPLASMAN SOU LIS DATANT YO?

Non, demann ki konplè epi ki soumèt yo ap antre nan yon pwosesis kote (randomizasyon) se yon òdinatè ki ap jenere yo, san konsidere dat oswa lè yo soumèt yo a.

13) KONBYEN APLIKASYON YO PRAL CHWAZI POU PLASE SOU LIS DATANT YO?

Se sèlman kantite demann ki disponib yo ki afiche nan avi publik la ki ap chwazi pou yo mete sou lis tann ki koresponn lan aprè pwosesis randomizasyon kotre se yon òdinatè ki jenere yo a fini.

14) ÈSKE GEN PREFANS LÈ YO SELEKSYONE APLIKASYON?

Yo bay preferans pou kay ki satisfè kritè espesifik ki endike nan Plan Administratif HCD, ki gen ladan men pa limite a: 1) Lis datant 2024 ki baze sou lokatè, 2) Fanmi aksyon gouvènman an deplase 3) Rekòmandasyon nan Miami-Dade Homeless Trust, 4) Veteran 5) Rezidan sou plas ki elijib, 6) Fanmi ki gen dwa retounen, 7) Popilasyon vilnerab, 8) Moun ki gen bezwen espesyal, 9) Moun ki genyen andikap fizik ak 10) Moun ki gen pwoblèm pou tande/pou wè

15) **ÈSKE MWEN KA PALE AK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON SOU PWOESIS APLIKASYON AN?**

Wi. Apati **[ENTER DATE]** ou ka kontakte biwo Bon chwa lojman Seksyon 8 Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade lè w rele **(786) 654-8440** ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye yo.

16) **SI YO CHWAZI MWEN, MEN MWEN DEPLASE PANDAN PWOESIS LA, KIJAN MWEN KA METE ADRÈS MWEN AN AJOU?**

Si yo chwazi w pou lis datant yo, y ap fè w konnen alekri nan adrès postal ak/oswa adrès imèl yo bay sou simisyon an. Si w pa reponn ak notifikasyon nou yo, oswa si lèt ou a pa ka remèt, Y ap RETIRE NON OU NAN LIS DATANT YO.

Si w gen yon chanjman nan adrès, nimewo telefòn, revni oswa gwosè fanmi an, ou dwe avèti pwogram lan nan 10 jou ouvrab chanjman an. TOUT CHANJMAN YO DWE FÈT ALEKRI EPI YO KA FÈT NAN <https://mdvoucher.com/>

17) **KILÈ MWEN AP KONNEN SI YO TE CHWAZI MWEN NAN LIS DATANT LAN?**

Yo ap enfòme kandida yo depi inite yo disponib. Yo ap voye notifikasyon alekri nan adrès postal ak/oswa adrès imèl yo bay nan lè soumisyon an.

18) **KISA K PASE APRÈ YO SELEKSYON NAN YON LIS DATANT KOUPON KI BAZE SOU PWOJÈ (PBV) AK ANPLASMAN?**

Kandida yo ap oblige ale nan yon randevou pou premye kalifikasyon pou ranpli yon aplikasyon pou kalifikasyon inisyal. Pandan randevou sa a, kandida yo dwe soumet tout dokiman obligatwa pou HCD pou detèmine si yo kalifye pou pwogram lan.

Si yo detèmine ou kalifye pou pwogram asistans Bkoupon ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV), yo ap refere w sou sit PBV a pou sibi pwoesis tès depistaj pwopriyete a. Si w satisfè kritè tès depistaj pwopriyete yo, y ap ofri w yon inite.

19) **KISA KI AP PASE SI MWEN REFIZE LOJMAN AN OSWA SI PWOPRIYETE PA AKSEPTÉ MWEN?**

Kandida pwopriyete a refize yo ap retire yo nan lis datant Koupon ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman kote yo te refere yo a.

ATANSYON: SE SÈLMAN NAN MOMAN SA W AP KA SOUMÈT YON DEMANN. HCD PAP JANM MANDE W YON NIMEWO KAT KREDI NI EGZIJE YON RAPÒ KREDI POU W KA APIKE. SÈL SIT ENTÈNÈT POU APIKE POU LIS DATANT KOUPON KI BAZE SOU PWOJÈ AK ANPLASMAN SE: <https://miamidadevoucher.myhousing.com>

HCD pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, koulè, reliyon, eta sivil, orijin nasyonal, andikap, zansét, oryantasyon seksyèl, idantite jan oswa ekspresyon jan, estati antanke yon viktim vyolans domestik, vyolans nan renmen oswa asèlman, sous revni, laj, gwosè sòtiyasyon fanmi nan aksè a, admisyon nan, oswa travay nan pwogram lojman oswa aktivite lojman. Si w bezwen yon entèprèt nan lang siy oswa dokiman nan yon fòma aksesib pou evenman sa, rele 786-469-2155, omwen senk jou davans. Itilizatè TDD/TTY yo ka kontakte Sèvis Florida Relay la nan 800-955-8771.